



Enpak deklarasyon pou jistis: Evalye epi amelyore kalite lè ak vantilasyon andedan etablisman an

Title: Evalye epi amelyore kalite lè ak vantilasyon andedan etablisman an

Date: 3 Novanm 2021

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon pou jistis Rasyal](#) ? Wi Non

Si sa fèt, ekri dat (yo) ke rankont REPT yo te fèt ansanm ak tout yon lyen pou rankont REPT ki fini deja yo la:

Èske gen yon manm ekip pou jistis ak estrateji kont eka nan opòtinite yo te revize deklarasyon sa a? Wi Non

BPS Pati pou Zouti Planifikasyon pou jistis Rasyal	Rezime/Lojik
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak enpak <i>Ki pwopozisyon/efò yo vle kòm rezilta ki genyen ladan eliminasyon eka egalite yo? Kilès ki te dirije travay/rankont sa a, epi èske yo te reprezante idantite etidyan ak gwoup fanmi BPS yo (gwoup ki konsène yo gen ladan yo moun ras Nwa, Latino, Azyatik, Endijèn, imigran, ki pale plizyè lang, epi genyen ekperyans nan travay ak jèn ki bezwen yon edikasyon espesyal)?</i></p>	<p>Yon ekselan kalite lè andedan etablisman an (IAQ) nesès pou sante elèv ak anplwaye Boston Public Schools yo, ansanm ak kapasite yo pou yo kapab aprann ak travay yon fason efikas. Pwojè evalyasyon ak amelyorasyon aktyèl la vize asire yo ke chak lekòl nan distri a ap resevwa yon detektè kalite lè andedan etablisman an pou chak klas yo, pou biwo prensipal la ak pou biwo enfimyè yo, epi yon detektè tou pou deyò an ki ap sou do kay la pou kòmanse.</p> <p>Enfòmasyon IAQ ap kolekte andedan ak deyò chak lekòl yo pral asire ke entèvansyon pou amelyore IAQ ke pral gen pou adapte yo ap reponn a bezwen espesifik ke chak lekòl genyen. Yo pral planifye etap pou netwaye polisyon an nan fason ki pi jis la, pou kapab asire yo ke lekòl ki nan katye ki gen pi gwo pousantaj moun ki souffri opresyon yo ap jwenn sèvis an premye.</p> <p>BPS suiv direktiv "IAQ Tools for Schools" ke Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an itilize epi li aplike yon apwòch an plizyè etap pou rediksyon risk nan pwogram pou jesyon IAQ an. Definisyon "IAQ Tools for School" gen pou sa yo konsidere tankou yon bon jesyon kalite lè andedan etablisman gen ladan li:</p> <ul style="list-style-type: none">● Kontwòle matyè yo ki ap polye lè a;● Fè antre ak distribye bon jan lè ki soti deyò a; epi● Kenbe tanperati a ak imidite a nan yon nivo ki relativman akseptab. <p>Enstale Sensor IAQ yo pral ede BPS:</p> <ul style="list-style-type: none">● Kolekte, kontwòle, mezire epi evalye done ke IAQ genyen sou gaz kabonik yo nan objektif pou yo kapab pran mezi ki nesès pou amelyore vantilasyon atifisyèl ak natirèl ki nan lekòl yo.● Kominike epi fè edikasyon elèv yo, fanmi yo ak anplwaye BPS yo sou mezi IAQ yo. <p>Devlope nan ajans lan, kolaborasyon ak konfyans sou sijè yon anviwònman lekòl ki an sante pou BPS.</p> <p>Inisyativ sa a dirije epi jwenn sipò nan mitan anplwaye operasyon an, nan ekip jesyon enstalasyon an, ak ekip enfòmasyon pou edikasyon ak teknoloji, ki gen idantite yo ki afiche ansanm ak elèv BPS yo epi yo gen ladan tou anplwaye ki gen ekspètiz nan travay ak jèn ki bezwen yon edikasyon espesyal.</p>

<p>2. Swivi ak plan Estratejik la <i>kijan pwopozisyon/efò an ap swiv plan estratejik etablisman an?</i></p>	<p>Inisyativ sa a swiv plan estratejik ki se priyorite 2.7 la ki di konsa: "Kreye yon espas pou sipò ak aprantisaj ki sekirize".</p>
<p>3. Analiz done <i>Ki enfòmasyon yo te analize? Èske diferan ras ak gwoup konsène yo te debat sou li? Kisa li te afiche konsènan eka egalite yo?</i></p>	<p>Ekip ki ap jere pwogram nan te revize kèk enfòmasyon ki soti nan baz done sou Kalite lè nan Vil Boston, enfòmasyon sou pousantaj elèv BPS ki fè opresyon yo, enfòmasyon konsènan sistèm HVAC nan lekòl yo, ak baz done sou opòtinite ki gen nan zòn nan. Malgre kounye an tout lekòl yo te resevwa detektè IAQ la, orè enstalasyon an te devlope gras ak enfòmasyon sa yo pou aplike yon jijman ki jist, nan bay priyorite a katye ki gen pi move kalite lè ak plis ka opresyon ladan. Pa egzanp, orè enstalasyon an te kòmanse ak tout lekòl ki nan East Boston.</p>
<p>4. Angajman investisè ki konsène yo <i>Kilès ki konsène (kantite, gwoup ki konsène, epi wòl yo) epi kijan ak kisa li aboutii? Kisa etidyan/fanmi ki plis afekte nan pwopozisyon/efò sa a yo te di?</i></p>	<p>Pandan epidemi an, fanmi ak anplwaye BPS yo, espesyalman manm sendika yo, ansanm ak ekspè nan kalite lè ki soti lot kote, nan vantilasyon, nan sante piblik ak edikasyon, te konsène sou pwoblèm kalite: lè andedan etablisman an, vantilasyon an ak kesyon sante nan anviwònman lekòl la. Inisyativ Sensors IAQ te devlope tankou yon sèl estrateji pa ekip nan BPS la ki travay sou Anviwònman ak Resous Dirab la nan objektif pou amelyore kalite lè andedan etablisman an ak vantilasyon nan tout lekòl yo.</p>
<p>5. Estrateji pou jistis ras yo <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a diminye eka egalite yo epi ogmante jistis ak lòt pou ras yo? Ki konsekans posib nou pat atann? Ki estrateji nou ka ajoute ki va amelyore epi fè avanse jistis sa a?</i></p>	<p>Prèske youn sou 13 timoun ki gentan nan laj pou ale lekòl soufri opresyon nan nasyon an, bagay sa se youn nan koz ou plis tande ki koz absans lekòl.¹ Daprè ekip komite pou byennèt ke BPS genyen an, 20% nan elèv BPS yo ta soufri opresyon. Si n ap reprezante pousantaj sa nan nivo chak ras yo, n ap jwenn: 22% etidyan ki sot nan ras koulè yo, 21% etidyan Nwa yo, 20% etidyan Azyatik yo, 20% etidyan latino yo, 15% etidyan Ameriken natifnatal yo/sak sot nan zile Pasifik yo, ak 14% etidyan Blan yo.²</p> <p>Globalman, polisyon ki nan lè a ansanm ak opresyon afekte moun ki soti nan kominote ras koulè yo epi k' istorikman sibi opresyon yon fason disproporsyonèl, e menm bagay sa tou se yon reyalye nan Boston ak BPS. Amelyore IAQ nan lekòl nou yo se yon kesyon de sante piblik, de edikasyon, de jistis rasyal ak jistis anviwònman an, e premye etap pou sa a se kolekte, mezire ak kontwòle enfòmasyon kle pou IAQ nan enstale detektè yo.</p>
<p>6 Bidjè ak aplikasyon <i>Ki enpak sa genyen sou bidjè a? Kijan padan aplikasyon an nou va asire nou ke tout objektif yo, sitou obejktif pou jistis yo akonpli? Ki idantite gwoup ki pral asire aplikasyon an, epi èske yo gen bon vizyon jistis nan yo menm?</i></p>	<p>Se ESSER ki ap finanse Inisyativ pou Sensor IAQ la. Kontra sa a, ki gen ladan tout ekipman, lojisye, travay ak sèvis pou depans yo, pral koute an tou \$ 6.7 milyon dola.</p>

¹ [Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini.](#)

² Koutwazi Konsèy Byennèt Etablisman BPS la; enfòmasyon sou opresyon ki soti nan tès depistaj sante ki fèt nan klas 1, 4, 7 ak 10 (sèvis sante).

<p>7. Responsabilite ak kominikasyon <i>Kijan yo va evalye enpak yo, dokimante yo epi kominike enfomasyon yo bay investisè yo? Kilès ki ap responsab?</i></p>	<p>Enfomasyon IAQ yo pral pataje ak rapòte nan seksyon pou piblikasyon an sou paj entènèt BPS la. Sit sa a ta dwe sou entènèt nan fen mwa novanm lan. Etablisman jesyon ak kominikasyon ki pou BPS yo pral travay pou yo toujou mete sit la ajou. Yo pral anonse lansman sit la bay elèv, anplwaye ak fanmi BPS yo sou laprès epi ak kominikasyon nan tout etablisman yo. Etablisman jesyon pou BPS pral bay komite lekòl la yon mizajou sou inisyativ sa a an prentan 2022.</p>
--	--